Уєт лаурэ 6-нэ класс

60б

**2020-2021 гъэ еджэгъуэ.**

**Лэжьыгъэм сыхьэтит1к1э елэжьыпхъэщ.**

**Лэжьыгъэр зэрагъэзэщ1энымк1э хэзыгъэгъуазэ.**

Лэжьыгъэхэм я жэуап тэмэмхэр дамыгъэк1э къэвгъэлъагъуэ. Лэжьыгъэхэр зэрызэк1элъык1уэм хуэдэу гъэзэщ1амэ нэхъыф1щ, ауэ зи жэуапыр фымыщ1э упщ1эм зэман лей тевмыгъэк1уадэу къык1элъык1уэр вгъэзащ1э, зэман къыфхуэнэжмэ, фхуэмыщ1ам къытевгъэзэж хъунущ. И гугъуагъ елъытак1э, дэтхэнэ жэуапми зы балл е нэхъыбэ хуагъэувынущ, балл бжыгъэр нэхъыбэху оценкэ нэхъыф1 къэфхьынущ.

**Ехъул1эныгъэ фи1эну!**

**Олимпиадэ лэжьыгъэхэм баллхэр зэрыхуэгъэувыпхъэр**

1. Жэуап пэж къэс 1 балл
2. Творческэ лэжьыгъэм и къэ1уэтэк1э елъытауэ балл бжыгъэ нэхъ иныр – 5/5б. (сочиненэм зэрыбгъэдыхьэм хуэдэу.)
3. Пэжырытхэм и хабзэр зэригъэзэщ1ам елъытауэ – жэуап пэж къэс зы балл .Псалъэухар и пкъыгъуэк1э, псалъэхэр я зэхэтык1эк1э щызэпкърахк1э, пкъыгъуэ пэжу къахута къэс 1 балл хуэгъэувыпхъэщ.

**6 класс**

1. Хьэрф дэгъэхуахэр дэптхэжурэ къитхыкI.

Хьэлэмэтыщэу дунеим зихъуэжащ: махуэр хуабэщ, ауэ жьы тIэкIу къепщэм гум фIыуэ зыригъэгъэпсэху; гу..бгъуэшхуэ дахэм ит удз щхъуантIэр зэдэууэ зэдохъейхэр, зы щIыпIэкIэ ещIэм, мыдреймкIэ къещIэурэ. А удзхэм зы къарэкъури хэплъагъуэркъым. ДэнэкIэ уплъами, удз гъэгъа дахэхэр къахощхэр: хужь бырыб, плъыжь зэщIэлыдэ, щхьэ хъурей дахэхэр, гъуэжьхэр, къуэлэнхэр, Iэрамэ (Iэрамэ) зэмыфэгъу Iэджэхэр нэм къыщIоп..щIэхэр.Зы жэм закъуэми и (кIэр) игъэкIэрахъуэркъым, псори мамырхэщ, щыму зэдохъуакIуэхэр.(14б.)

30б

2. Псалъэхэр зэрызэхэт IыхьэкIэ зэпкърыхын:
**Гъуэгурык1уэхэр, псалъалъэ,зихъуэжащ, хэплъагъуэркъым, сытхьэщ1ащ.(5б.)**

5б

3. Фразеологическэ оборотхэр (зэкIэщIэпч мыхъу псалъэ зэпхахэр) щIэтхъэ .

ЩIалэхэр псалъэхэурэ Iэджэми я щхьэфэ иIэбащ. Ибг щIэкъузауэ ар еджэным яужь ихьащ. Бзаджэм блэр гъуэм къреху. Балъкъ нэри пэри ихьу къиуат. Игу етауэ щIалэр йоджэ (5б.)

4. Псалъэухар и пкъыгъуэкIэ зэпкърых:

10б

Уэсыр щIы щтам хуэфIу тельщ. (5б.) 5б

5. Псалъэпкъым хыхьэ 1ыхьэхэр щ1этхъэ.

Лъабжьэ, к1эух, зэхъуэк1а зэрыхъу префикс, псалъэ къызэрыхъу суффикс.(2б.)

6.«УЭ къэк1уэж закъуэ,папэ» рассказыр итхащ: (1б.)

а) КIыщокъуэ Алим;

б) Гъэунэ Борис;

в) Щомахуэ Амырхъан.

7. Тхыгъэр зытхар, зыщыщыр къэгъэлъагъуэ.(2б.)

- Ди цIыхухэр нэмысыншэкъым, нэмыс яIэу хьэщIэхэм зыкърагъэлъагъуфынщ, ауэ хуит сыпщIмэ, зы унафэ сиIэт. Унафэу сиIэр мыращ: хьэщIэ къэкIуахэмрэ ди цIыхухэмрэ щIэсыну си унафэкIэ унищ езгъэгъэщI.

8.Тхьэгъэзит Зубер «Гуапагъэ» и усэр теухуащ: (1б.)

а) Ф1ы щ1эным;

б) Гъэм и зэманхэм;

в) Лэжьыгъэм, гуащIэдэкIым.

9. К1у. Б. «Си гъусэщ» усэм щыщ едзыгъуитI-щы тхы. (1б.)

10. «Бжьыхьэ дыщафэ» псалъащхьэр зиIэ сочиненэ мыин тхы. (Псалъэуха 15 нэхърэ мынэхъмащ1эу).(10б.)

М.б.-49.

Сыту дахэ бжьыхьэр. Дунейр мэщхъэ-раищэ. Жыгхэр дыщафэ мэхъу. Удзхэр мэгъущ. Дуней щIыIэ мэхъу. ХадэхэкIхэр къыдохьэлъэж. Гъэм и зэманхэм щыщу Сэ бжьыхьэр нэхъ берычэту солъытэ. ЩыIэщ псалъэжь: „Бжьыхьэ мазэм чэр щIашхэ". Сэ ар нэхъ дыдэу къызощIыр. Мис апхуэдэу дахэщ „Бжьыхьэ дыщафэр"!

10б